



CHALÈ epi SANTE

Zile Chalè Iben & Ensidsans Melanòm: Efè Zile Chalè Iben refere a diferans nan tanperati ant zòn Iben epi anvironman riral oswa natirèl ki antoure yo. Disparite nan tanperati sa-a kontribye a faktè risk pou melanòm ki ogmante, enkli ekspozisyon a radyasyon ultravyolè (UV) ki pi wo.

Wòl Pwoteksyon Vèdi nan Diminye Efè Zile Chalè Iben

CHÈCHÈ KE YO METE AN VALÈ!



Rebecca Kaiser

Miller School of Medicine Kandida
MD/MPH, Klas 2028

Rebecca Kaiser se yon kontribitè kle nan fich enfòmasyon sa-a. Rebecca se yon etidyan premye ane MD/MPH nan Miller School of Medicine. Pou pwojè final li-an, l'ap etidye ensidsans melanòm epi ki jan detèminan sosyal sante epi chanjman nan klima kontribye a disparite nan prevansyon epi tretman kansè po.


Efè Zile Chalè Iben-an (Urban Heat Island Effect) (UHIE)

se yon fenomèn kote zòn iben fè eksperyans tanperati elve a kòz konsantrasyon wo sifas ki absòbe chalè, tankou siman epi asfalt. Sa ogmante risk melanòm pa endirèkteman ogmante ekspozisyon a solèy epi radyasyon ultraviyolè (UV) nan zòn sa-yo. Kòm chanjman nan klima sipoze agrave kondisyon sa-yo, plis rechèch kritik nan idantifye estrateji rediksyon.

Yon apwòch ki pwomèt se ogmantasyon vejetasyon nan zile chalè iben yo, ki bay refwadisman natirèl epi pwoteksyon kont ultraviyolè (UV). Rechèch te demontre ke plis kominote defavorize tipikman genyen dansite vejetasyon ki pi ba, an menm tan souliyen bezwen pou bay priyorite a efò planifikasyon iben sa-a.

Pou plis eksplore sijè sa-a, etid nou-an te envestige relasyon ant UHIE, dansite vejetasyon, epi ensidsans melanòm nan vil Miami-an. Rezilta nou yo montre enpak UHIE-a sou ensidsans melanòm an jeneral diminye anpil kòm dansite vejetasyon ogmante, sijere yon efè pwoteksyon. *

Kat jeyografik anba-a ilistre distribisyon UHIE epi vejetasyon, ak zòn ki souliyen an wouj vif ki t'ap gen plis chans benefisye la plipa de ogmantasyon vejetasyon, jan ke yo ekspoze pi wo UHIE epi pi ba NDVI.** Djagram ki akonpaye-a konpare pi devan ensidsans nivo-zòn mwayen nan zòn UHIE wo sa-yo pa kategori NDVI.



Pandan ke inisyativ ekolojik an devlopman nan Miami epi lòt vil, rete enfòm a pwopo ki jan pou pwoteje tèt ou de ekspozisyon solèy epi chalè rete esansyèl. Tanpri gade paj resous ki tache-a pou aprann plis a pwopo sijè sa-yo epi dekouvri fason pou pran prekosyon epi pledwaye pou kominote ki pi an sante.

* Fèt sou modèl itilizan to ensidsans laj ajiste FCDS (2019), k'ap kontwale pou konpozisyon demografik nivo zòn, estati sosyoekonomik, epi mezi anvironmantal

** NDVI (Endèks Vejetasyon Diferans Nòmalize: Yon echèl de -1 a 1 ki bay kantite dansite vejetasyon itilizan imaj satelit (2014-2018; usgs.gov)

Referans:

- Whiteman DC, Neale RE, Green AC. Climate change and skin cancer: A new and increasing public health challenge. *Lancet Oncol.* 2023;24(8):e353-e361.
- Jones L, Smith K, Brown R. The impact of climate change on dermatological health: A review. *Public Health.* 2024;226:12-18.
- Yamaguchi Y, Beer L, Kraemer KH. UV exposure and DNA damage in human skin: Implications for cancer risk. *Int J Dermatol.* 2024;63(2):234-245.
- Osei DA, Kwakye EO, Mensah MA. Skin conditions and UV radiation exposure: Implications for dermatological health. *Int J Womens Dermatol.* 2020;6(3):178-184.
- Lee CH, Wong CK, Chiu ML. Pediatric skin cancer risk factors and prevention strategies. *Pediatr Dermatol.* 2024;41(1):56-67.
- Nguyen AA, Taylor DM, Chen AC. Climate change, ozone depletion, and the rising incidence of skin cancer. *Med J Aust.* 2023;219(5):234-240.
- Glazer AM, Rigel DS. Trends in skin cancer incidence and prevention strategies. *JAMA Dermatol.* 2020;156(11):1202-1208.
- Schadendorf D, Fisher DE, Garbe C. Melanoma epidemiology and trends: Insights from global data. *J Skin Cancer.* 2016;2016:4635740.

Travay sa-a te jenerezman sipòte pa:

JPMORGAN CHASE & CO.

Aprann Plis A Pwopo Kansè Po, Ekspozisyon a Chalè, epi

Resous Kominote:

- Ekspozisyon a Chalè nan Miami-Dade County
 - Explore ki jan tanperati k'ap ogmante ap afekte sante epi kominote: [Kat Naratif Ekspozisyon Chalè nan Miami-Dade](#)
- Swen Kansè Po & Randevou
 - Aprann a pwopo sèvis kansè po nan Sylvester Comprehensive Cancer Center.
[Enfòmasyon Kansè Po & Randevou](#)
- Konsèy sou Pridans kont Solèy
 - Pwoteje po'w ak pratik pwoteksyon kont solèy ki baze sou evidans sa-yo: [Pratik Pwoteksyon Po](#)
- Siy Avètisman Melanòm
 - Konnen sa pou chèche ak gid sa-a a sentòm epi imaj melanòm: [Siy Avètisman Melanòm](#)
- Vètizasyon Kominote Nou Yo
 - Aprann a pwopo efò pou elaji kouvèti pye bwa iben nan Miami-Dade County:
[Plan Brouyon Agrikilti Forè Iben](#)

